

Waspodo Marang Tekane Generasi Kang Ringkih

Dening: Achmad Syaefudin (PAIF Kab Magelang)

الْحَمْدُ لِلَّهِ، الَّذِي هَدَانَا بِهَدَايَةِ الْقُرْآنِ، وَأَفْهَمَنَا بِشَرِيْعَةِ دِيْنِ الْإِسْلَامِ.
أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ الْقُدُّوسُ السَّلَامُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ
مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الْمَبْعُوْتُ إِلَى جَمِيْعِ الْعَالَمِ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى
سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامِ، أَمَابَعْدُ، فَيَا عَبْدَ اللَّهِ
أَوْصِيْكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ، قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: يَا أَيُّهَا
الَّذِينَ آمَنُوا قُوا أَنْفُسَكُمْ وَأَهْلِيكُمْ نَارًا وَقُودُهَا النَّاسُ وَالْحِجَارَةُ عَلَيْهَا
مَلَائِكَةٌ غِلَاظٌ شِدَادٌ لَا يَعْصُونَ اللَّهَ مَا أَمَرَهُمْ وَيَفْعَلُونَ مَا يُؤْمَرُونَ

Hadirin jama'ah Jumat rahimakumullah

Wonten ing kalodangan siang ngkang minulyo lan barokah meniko, sumonggo kita sami ningkataken kualitas ketakwaan kita dateng Allah SWT kanti sak bener-beneripun taqwa, nun inggih kanti ngupadi kanti maksiaml nglampahi sedoyo perintah soho nebihi sedoyo awisan-awisanipun Allah SWT wonten pundi wekdal lan panggenan soho tingkah nopo mawon, naliko piyambak'an punopo tingkah Rame (sesarengan), nalika bungah punopo susah, kalodangan jembar utawi rupek, keranten rahmat soho pitulunganipun Allah ugi mboten kenal wekdal lan panggenan.

Kados dawuh Dalem Allah wonten ing Al- Qur'an:

وَمَنْ يَتَّقِ اللَّهَ يَجْعَلْ لَهُ مَخْرَجًا وَيَرْزُقْهُ مِنْ حَيْثُ لَا يَحْتَسِبُ

Sapa wonge kang takwa marang Allah, Yekti Panjenangane (ALLAH) bakal mbukak dalam metu kanggo dewe'e, Lan Allah bakal paring rizki songko arah kang ora di nyono. (QS At Talaq ayat 2-3)

Hadirin jamaah jum'at rahimakumullah

Allah SWT sampun milih manungsa minongko dados kholifah ing bumi, keranten manungso minongka makhluk engkang paling sampurno ing antawisipun makhluk-makhluk sanesipun wonten ing alam semesta meniko.. ananging kanti predikat kholifah kasebat manungso dipun paringi pintenz amanah supados bumi meniko lumampah kanti sae sesuai *sunnatullah*.

Ing antawisipun perkawis engkang dipun amanahaken Allah dumateng manungsa nun inggih putra wayah/keturunan engkan kedah dipun gulowentah supados dados generasi engkang berkualitas. Cekak aos-ipun, kita dipun perintah Allah supados njagi kita lan keluargo kita saking siksa geni neraka. Dawhipun Allah wonen ing AL-Qur'an:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا قُوا أَنْفُسَكُمْ وَأَهْلِيكُمْ نَارًا وَقُودُهَا النَّاسُ وَالْحِجَارَةُ

"He wong-wong kang podo iman, reksonen awakmu lan keluargamu soko geni neroko kang urup-urupe iku manungso lan watu. ..." (QS At Tahrim: 6)

Ali bin Abi Thalib radhiyallaahu anhu ngendika ingdalem nafsiri ayat meniko : "Didik 'en lan ajarno marang keluwargamu, sebab wajib ing atase wong muslim opo ndidik keluargane babagan perintah lan larangane Allah".

Hadirin jamaah jum'at rahimakumullah

Salah setunggalipun perkawis ingkang dipun emutaken Allah dumateng kita nun inggih njagi amanah anak supados kita waspada saking generasi ingkang ringkih. Wonten ing Al Qur'an Allah sampun dawuh:

وَلْيَخْشَ الَّذِينَ لَوْ تَرَكَوْا مِنْ خَلْفِهِمْ ذُرِّيَّةً ضِعْفًا خَافُوا عَلَيْهِمْ فَلْيَتَّقُوا اللَّهَ وَلْيَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا

"lan wong-wong iku supoyo podo wedi lamun (mati) ninggalake sak mburine dewe'e, keturunan kang ringkih (kang) dewe'e kabeh podo khawatir marang keturunane kang ringkih mau. mongko, podo taqwaho ing Allah lan podo ngucapo kelawan ucapan kang bener (dalam hal menjaga hak-hak keturunannya)." QS An-nisa: ayat 9

Ringkih engkang dimaksud wonten ing ayat kasebat bersifat umum. Ing antawisipun bentuk ringkihipun generasi Islam nun inggih:

Ongko 1, Generasi Inggang Ringkih Iman. kita minongko tiyang sepah kedah langkung waspodo soho ngati –atiampun ngantos putra wayah keturunan kita dados generasi engkang ringkih imane. Solusi kange masalah meniko nun inggih kanti saestu paring pendidikan akidah. Sampun dipun contohaken wonten Al-Qur'an melalui kisah Luqman al-Hakim engkang tansah nancepaken akidah sejak dini dumateng putra-putranipun. Allah sampun Dawuh:

وَإِذْ قَالَ لُقْمَانُ لِابْنِهِ وَهُوَ يَعِظُهُ يَا بُنَيَّ لَا تُشْرِكْ بِاللَّهِ إِنَّ الشِّرْكَ لَظُلْمٌ عَظِيمٌ
"Lan (elingo) tetkalan Luqman nuturi marang anak'e, nalikane (luqman) awew pelajaran anak'e: "He anakku, siro ojo pisan-pisan laku syirik marang Allah, saktemene syirik marang (Allah) iku nganioyo kang gede." (Q.s. Luqman: 13).

Jamaah Shalat Jumat Rahimakumullah,

Ongko 2, generasi kang ringkih ibadahe. Solusi supados terhindar aking generasi engkang ringkih ibadahe nun inggih maringi pendidikan wonten ing saklebetipun keluarga. Pembiasaan kangge nglampahi ibadah penting sanget mulai lare tasih alit, supados tertanam komitmen wonten ing saklebetipun diri generasi muda supados senantiasa melaksanakan ibadah engkang wajib punopo sunnah, kados salatgangsal waktu, siyam, maos Al-Qur'an dll. Ampun ngantos keluarga kita termasuk generasi engkang nyia-nyiaken ibadah shalat lan langkung nuruti hawa nafsu engkang sampun disinggung wonten ing Al-Qur'an:

فَخَلَفَ مِنْ بَعْدِهِمْ خَلْفٌ أَضَاعُوا الصَّلَاةَ وَاتَّبَعُوا الشَّهْوَاتِ فَسُوفَ يَلْقَوْنَ غِيًّا

"mongko nuli, tumeko sak wuse dewe'e kabeh (generasi) pengganti kang podo niyak-niya'ake shalat lan podo nuruti hawa nafsu. Wong-iku bakal tinemu ing kesasar." (Q.s. Maryam: 59)

Pramilo saking puniko, kita kedah cerdas ndidik, mbimbing soho saget menghadirkan pendidikan ibadah. Khususipun shalat, keranten ibadah sholat meniko minongko cagak'ipun agami. Sing sinten tiyange jumenengake sholat prasasat sampun njumenengake Agamine. Lan sopo wongkang ninggalake sholat prasasat ngrubuhake agamane.

Ma'asyiral Muslimin Rahimakumullah,

Engkang ongko 3, generasi ingkang ringkih ilmu. Supados generasi mboten lemah/ ringkih dibidang ilmu, pramilo kita minongko tiyang sepuh kedah terus paring memotivasi anak supados semangat menuntut ilmu lan milihake lembaga pendidikan engkang sae. Imam Syafi'i nate dawuh:

مَنْ أَرَادَ الدُّنْيَا فَعَلَيْهِ بِالْعِلْمِ وَمَنْ أَرَادَ الْآخِرَةَ فَعَلَيْهِ بِالْعِلْمِ

"sing sopo wonge ngarepake penguripan ing dunya mongko wajib nduweni ilmu, sing sopo wonge ngarepake penguripan Akhirat mongko wajib kelawan ilmu."

Kaum Muslimin Rahimakumullah,

Engkang ongko 4, generasi engkang lemah/ ringkih jasmani. Pramilo tiyang sepuh ngadahi kewajiban ngupadi supados anak turunipun sehat jasmani. Mboten namung saat lahir, ananging dimulai saat anak kasebat wonten ing rahim ibu. Pramilo kedah dipun paring tetedan engkang halal lan sae. kados engkang dipun Dawuhaken Allah SWT:

يَا أَيُّهَا النَّاسُ كُلُوا مِمَّا فِي الْأَرْضِ حَلَالًا طَيِّبًا

" He para manungsa, podo mangano siro kabeh saking barang (panganan) kang ono ing bumi kang halal tur apik." (Al Baqoroh: 168)
Saking ayat meniko, tiyang sepuh wajib memastikan dedaharan engkang dipun konsumsi dining keluarganipun meniko dedaharan engkang halal lan sae. Dedaharan engkang halal dzatipun, halal proses anngenipun merkoleh, soho dedaharan engkang sae (thoyyib) nuninggih engkang bergizi lan nutrisi. Sehingga kanti nutrisi engkang sae putra wayah bade dados putra wayah engkang sehat lan kuat terhindar saking gangguan kesehatan lan

perkembangan, kados STUNTING engkang saat meniko dipun alami sebagian anak-anak akibat kekurangan asupan gizi.

Wonten salahsetunggalipun hadits saking Abu Hurairah ra engkang diriwayatken Imam Muslim, Rasulullah saw sampun paring sabdo bilih:

المؤمن القوي خيرٌ وأحبُّ إلى الله من المؤمن الضعيفِ

“Mukmin kang kuat iku luwih apik lan luwih ditrisnani Allah tinimbang wong mu'min kang ringkih/ lemah.”

Ma'asyirol Muslimin Rahimakumullah

Engkang ongko 5, generasi engkang ringkih/ lemah ekonomi. Ninggalaken keluarga dalam kondisi berkecukupan meniko langkung sae tinimbang ninggalake keluarga dalam kondisi miskin. Prinsip meniko penting dipun laksanakan supados generasi engkang tembe mburi mboten dados beban tiyang sanes, nopo malih ngantos njaluk-njaluk nagntos dados pegemis. Kados Kados hadits engkang dipun riwayataken Sa'ad bin Abi Waqosh, bilih Rasulullah saw dawuh:

إِنَّكَ أَنْ تَذَرَ وَرَثَتَكَ أَغْنِيَاءَ، خَيْرٌ مِنْ أَنْ تَذَرَهُمْ عَالَةً يَتَكَفَّفُونَ النَّاسَ،

وإِنَّكَ لَنْ تُنْفِقَ نَفَقَةً تَبْتَغِي بِهَا وَجْهَ اللَّهِ إِلَّا أُجِرْتَ بِهَا، حَتَّى مَا تَجْعَلَ

فِي فِي امْرَأَتِكَ

“Saktemene siro lamun ninggalake ahli waris iro kelawan kecukupan/ sugih iku luwih apik tinimbang siro ninggalake ahli waris dalam keadaan miskin lan njaluk-njaluk marang wong liyan. Sektemene opo kang siro nafaqohake kanti maqsud murih ridlane Allah mesti siro di paring ganjaran, termasuk opo kang di pangan bojo siro” (Muttafaq 'Alaih)

Mugi-mugi kita tansah piningan kekuatan lahir lan batin, kesabaran serta kelapangan soho keberkahan rejeki sehingga mampu ngelaksanaaken amanah engkang dipun paringaken Allah Arupi anak keturunan upado dados generasi engkang sholeh/sholihah, sehat, kuat jasmani lan rohani, amien...

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَتَقَعِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنْ آيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمَانَهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ، وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِينَ.

Khutbah kedua

الْحَمْدُ لِلَّهِ وَكَفَى، وَأَصَلِّيْ وَأَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ الْمُصْطَفَى، وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَهْلِ الْوَفَا. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْمُسْلِمُونَ، أَوْصِيَكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرِ عَظِيمٍ، أَمَرَكُمْ بِالصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ عَلَى نَبِيِّهِ الْكَرِيمِ فَقَالَ: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا، اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ، فِي الْعَالَمِينَ إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ. | اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْغَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالْفَحْشَاءَ وَالْمُنْكَرَ وَالْبَغْيَ وَالسُّيُوفَ الْمُخْتَلِفَةَ وَالشَّدَائِدَ وَالْمِحْنَ، مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَّنَ، مِنْ بَلَدِنَا هَذَا خَاصَّةً وَمِنْ بُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً، إِنَّكَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ عَبْدَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ، يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ. فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ